- h. Putra-putridalem, garwa, Pangeran putra, Putradalem yang belum asma pangeran, Pangeran Santana, Riya Nginggil, Priyantundalem, rabinipun abdidalem Bupati, Bupati Anom, abdidalem Panewumantri, abdidalem estri dan yang diganjar pangkat Bupati, Bupati Anom Anon anon, sowan di Prabosuyoso.
 - i. Sesudah Sampeyandalem lenggah, pangeran Putra maju ke hadapan Sampeyandalem.
13. Bedhaya Ketawang.



Lampiran: 4

**PRANATAN LAMPAH-LAMPAH KRAMANIPUN
PUTRADALEM**

DRS. G. P. H. DIPOKUSUMO



Daup kaliyan

DRA. Rr. FEBRI ARYU APSARI

**Ing dinten Akad Legi Tanggal kaping 20 Besar
Tahun Ehe 1932 utawi kaping
26 Maret 2000**

Angka/ Prabu/2000

**TERANG DAWUHING TIMBALDALEM
KAPARENGDALEM MIKRAMAKAKEN PUTRADALEM**

Drs. G. P. H. DIPOKUSUMO

Daup kaliyan

Dra. Rr. FEBRI ARYU APSARI

Anakipun Bapak/Ibu HARTONO BROTOASMORO ing Ngayogyakarta, benjing ing dinten Akad Legi tanggal kaping 26 Maret 2000.

Ijab paningkahipun wonten ing Karaton wanci jam 9 enjing, mawi nyedahi Pangageng sawatawis tuwin tetepangandalem.

Dene lampah-lampahipun kados ing ngandap puniko:

BAB 1

Sesaji mbucal-bucal

Ing dinten Akad Wage tanggal 13 Besar tahun 1932, utawi kaping 19 Maret 2000, abdidalem estri sarta abdidalem Jurusuranata, nindakaken sarta mbucal-bucal sesaji.

BAB 2

Pasang Tarub

Ing dinten Kemis Pon tanggal kaping 17 Besar tahun he 1932 utawi kaping 23 Maret 2000 abdidalem Mondrobudaya masang tarub ing Karaton sangatipun kawitan jam 11.30 (tenaga ingkang nyawisaken tuwuhan sarta blarak saking Sasana Prabu).

BAB 3

Pasang Tuwuhan

Nunggil dinten Kemis Pon tanggal 17 Besar tahun he 1932 utawi kaping 23 Maret 2000 abdidalem Mandrabudaya masang tuwuhan sapiturutipun wonten ing Karaton ingkang dipun pasang tuwuhan.

INGKANG DIPUN TATANI TUWUHAN:

- | | |
|-------------------------------------|--------|
| 1. Ngajeng Malige | 1rakit |
| 2. Kori Srimanganti | 1rakit |
| 3. Kori tengganipun Panganten putri | 1rakit |
| 4. Konten Ndalem Prabasuyoso | 1rakit |

- | | |
|---|--------|
| 5. Balerata Sasanamulyo | 1rakit |
| 6. Konten Jamban Temanten kakung | 1rakit |
| 7. Konten Jamban Pasiraman Temanten Putri | 1rakit |

BAB 4

Tatanan Pelengahan Sarta Gamelan

Ing dinten Kemis Pon tanggal 17 Besar tahun he 1932 utawi kaping 23 Maret 2000 ing ndalem Prabasuyoso kagelar babbut sarta katatanan pakecohan kados manawi Tinggalandalem Jumenengan.

Ing Sasana Prasedya katatanan Palengahandalem sarta pakecohan kagem palengahanipun Pangeran-Putra sapanungalanipun.

Ing Paningrat sa-eler Sasanaprasedyo sarta Paningrat sa-eler Pandapa Sasanasewaka katatanan pakecohan kangge sowanipun abdidalem Bupati ingkang kaganjar pangkat Riya Nginggil, Riya Ngandap, Bupati, Bupati Anom sapanungalanipun.

Singepipun Kagungandalem saka ing Pandapa Sasanasewaka, Sasana Prasedya sarta dilah Kyahi Remeng, tuwin Kyahi Cehung ing dalem Prabusuyoso kabikak.

Ing Ngemper Nguntarasana, Bangsal Marakata, Bangsal Pradangga ler kagelaran gelaran pasir sarta pakecohan.

BAB 5

Pelara-lara

Ing dinten Kemis Pon tanggal 17 Besar tahun he 1932 utawi kaping 23 Maret 2000 wanci jam 08.00, kanti abdidalem lurah sapamatahipun.

Pangagenging Parentah Kaputren sarta rabinipun abdidalem Bupati, Bupati Anom dododan mboten klembrehen tuwin abdidalem Bupati Anom cacah 2 mangangge atela pethak sapamatahipun. Pangagenging Parentah Karaton kautus dumateng Jajaran Sewon Mbantul Ngayogyakarta, numpak bus cacah 3 mapan sampun kasudyakaken wonten Balerata Kamandungan, kadhawuhaken metuk badhe Pangeanten estri Dra, Febry Haryu Apsari. Badhe panganten estri lajeng kahirid malebet marak ing dalem Prabasuyoso, katampi Pangagenging Parentah kaputren, GK. Ratoe Alit, ingkang kagrubyuk para estri ingkang sami methuk sarta ingkang ngiringaken wahu kadawuhan masrahaken dumateng Ray. Retnodiningrum wonten tenggapipun Kulawarganipun medal konten Jalatunda.

Sadumuginipun Kamandungan abdidalem Bupati/bupati Anom cacah 4 kaseba. Ing nginggil wahu lajeng ngacarani saha among tamu pangiring jaler saking bade Besan dateng Marakata.

Ing dinten Sabtu Kliwon tanggal kaping 19 Besar tahun ehe 1932 utawi kaping 25 Maret 2000, sabibaripun pisowanan sengkeran Palengahandalem Dampar Selaka Maesadanu katata wonten pandapa Sasana Sewaka.

Kagungandalem gamelan Kyahi Kulawindu, Kyahi windusana, Gong Kyahi Jagur wonten ing Bangsal Pradangga nguyu uyu wiwit ing dinten Sabtu Kliwon tanggal kaping 19 Besar tahun he 1932 utawi kaping 23 Maret 2000 mugel siyang ndalu, siyang wiwit jam 9 enjing dumugi jam 2 siyang dalu jam 8 sonten dumugi jam 12 dalu.

Kagungandalem gamelan Kyahi Kadukmanis-Manisrengga katata wonten ing Paningrat kagem pakurmatan Dalem sapanungalanipun.

Kagungandalem gamelan Kodok Ngorek katata wonten Bangsal Marcukunda kangge ngrumati Ajaddalem.

BAB 6

Sengkeran

Ing dinten Sabtu Kliwon wahu badhe Panganten estri kasengker wonten Tursirengga, badhe Panganten kakung Kasengker wonten ing kamar Nguntarasana.

Nunggil ing dinten sarta wanci kasebat ing nginggil badhe panganten kakung sasampunipun anggenipun dandos, mangagem beskap ingkang mboten dasar cemeng badhe kapethuk sowan njujug ngemper Nguntarasana saking langga....Ray. Retnodiningrum kapethuk sowan njujug ngemper Nguntarasana ingkang methuk Pangeran Putra, Pangeran Santana, kanthi Riya Nginggil cacah 2 sapamatahipun.

Pangagenging putra Santanadalem dateng Nguntarasana Kapasrahaken Pangagenging Putra Santanadalem GPH Hadiprabowo.

Wanci jam 10.00 siyang, Sampeyandalem ingkang Sinochoen Kanjeng Soesochoenan miyos lenggah wonten Sasanaparasedyo.

Ingang kadhawuhan sowan

Para Pangeran Putra, para Putradalem ingkang dereng asma Pangeran, para Pangeran Sentana, Riya Ngingil, abdidalem Bupati ingkang kaganjar sesabutan Haryo, Bupati Riya Ngandap, Bupati Anom anin tuwin Santanadalem Panji.

Wanci jam 10 enjing, para Pangeran Putra, Putradalem ingkang dereng asma Pangeran, Pangeran Santana sarta Riya Ngingil sowan njujug ing ngemper Nguntarasana.

Para Santanadalem Riya ngandap, panji njujug ing Bangsal Pradangga eler. Para abdidalem Bupati Anom njujug ing bangsal Marakala.

Menawi bade Panganten kakung sampun sowan wonten ing Nguntarasana sarta lenggah satata para ingkang sami kapatah methuk saha ngirid wahu lajeng pasrah badhe Penggantin kakung dumateng Pangagenging Putra-Santanadalem.

Menawi Sampeyandalem ingkang Sinoehoenan Kanjeng Soesoechoenan sampun lenggah ing Sasanaparasedya, abdidalem Bupati estri majeng ing ngarsadalem Sampeyandalem ingkang Sinoehoenan Kanjeng Soesoechoenan paring dawuh nimbali Pangagenging Putra Santanadalem GPH Hadiprabowo ngirid bade Panganten kakung saha ingkang sami sowan wonten ngemper Nguntarasana majeng ing Ngarsadalem majengipun Kahormatan ungeling gendhing Srikaton, suwakipun manawi Pangagenging Putra Santanadalem sapanunggalipun sampun sami lenggah satata.

Abdidalem Nyai Lurah nimbali Pangagenging Parentah Karaton abdidalem Bupati ingkang kaganjar sesebutan Harya Bupati, Bupati Anom saha pangiring Besan Panganten estri ingkang sami sowan ing bangsal Marakata majeng ing Ngarsadalem.

Abdidalem Santana Riya Ngandap Panji ugi sami majeng ing Ngarsadalem. Majengipun kahormatan ungeling geding Srikaton suwukipun manawi sampun lengah satata.

Abdidalem Santana Riya Ngandap Panji ugi sami majeng ing Ngarsadalem. Majengipun kahormatan ungeling geding Srikaton suwukipun manawi sampun lengah satata.

Abdidalem Bupati sarta Abdidalem Santana Riya ngandap wonten Paningrat, sa-elér Sasanaparasedya. Linghipun para abdidalem Bupati Anom, Santanadalem Panji sarta pangiring bade Besan Penganten estri wonten Paningrast sa-elér Sasanasewaka.

Manawi sampun satata, katungka lumadosing unjukan wedang saha es. Saksampunipun ngunjuk/ngombe Sampeyandalem ingkang Sinoehoenan Kanjeng Soesoehoenan paring dawuh dumateng Pangagenging Putra Santanadalem nyengker bade Penganten kakung, Bade penganten kakung kahirid wangsul dateng kamar Nguntarasana perlu kasengker.

Sawatawis ingkang Sinoehoenan Kanjeng Soesoehoenan lajeng jengkar angedaton ingkang sami sowan bibaripun Gendhing Undur-undur Kajongan.

Badhe Penganten putri kahirid para Putridalem, garwanipun Putradalem, Priyantundalem para Putri saha Abdidalem estri ingkang badhe kapatah nyirami utawi ngladosi siram badhe penganten estri.

Sajengkar dalem Sinoehoenan Kanjeng Soesoehoenan, saking sasana Parasedya, lajeng parung dawuh nyirami badhe penganten estri dumateng Pangagenging Parentah Kaputren.

Inkang kadawuhan Nyirami:

1. G. R. Ay. Brotodiningrat
2. G. K. RATOE ALIT
3. G. R. Ay. Satrio
4. G. R. Ay. Notohadikusumo
5. G. R. Ay. Joyohadipurno
6. G. R. Ay. KUSRASPIYAH SURYOHADIPRANOTO
7. IBU HARTONO BROTOASMORO
8. B. R. Ay. Moeryati Sudibyo
9. R. Ay. Retnodiningrum
10. R. Ay. Broto Asmoro
11. Abdi dalem ngulama

Bade Penganten kakung kasiraman wonten jamban Nguntarasana. Bade panganten estri kasiraman wonten ing kaputren. Bibar siram lajeng di pun paesi. Inkang kadhawuhan maesi:.....

Sasampunipun siram saha dandos lajeng kasengker. Tumrap ingkang kadawuhan nyirami badhe Penganten kakung.

1. PROF. G. P. H. HARYOMATARAM, SH
2. K. G. P. H. Hangabehi
3. G. P. H. Hadiprabowo
4. G. P. H. Puspohadikusumo
5. G. P. H. Kusumoyudo
6. G. P. H. Tejowulan
7. G. P. H. Poeger
8. R. Ay. Retnodinigrum

9. Ngulama Jaler
10. Bp. Hatono Broto Asmoro
11. Abdidalem Ngulama

Pangagenging Parentah Karaton kadawuhan matah rabinipun abdidalem Bupati tuwin Bupati Anom tugur ing Tursinarenggo rintén dalu giliran cacah ngalig-ngalig sarta abdidalem Bupati Anom, Panewu-Mantri tugur wonten ing kamar Nguntarasana, giliran cacah ngalih-ngalih.

Pangagenging Parentah Kaputren kadawuhan matah abdidalem estri tugur ing Tursinarenggo rintén dalu cacah ngalih-ngalih. Tuguripun katindakaken wiwit sangkeran ngantos dumugi pisowanan ningkah.

Pangageman/Pangangen pasowanan Siraman

Pangeran Putra, Putri dalem ingkang asma Pangeran, Pangeran Santana, Riya Nginggil abdidalem Bupati ingkang kaganjar pangkat Riya Nginggil cara jawi jangkep destaran rasukan beskap pethak, wangkingan warengka ladrang ingkang sesabetan KRMHT tuwih KRHT udeng cekok mawi kuncung.

Abdidalem Bupati Riya ngandap, Bupati Anom, Santana Panji Abdidalem Panewu sapengandap, cara Jawi jangkep kulambi atela peyak udeng cekok mawi kuncung. Putridalem garwanipun Pangeran Putra, garwanipun Putradalem kalebet Putridalem ingkang diwasa, ukel ageng rasukan cekak.

Rabinipun Abdidalem Bupati ingkang kaganjar sesabetan Harya, Bupati, Bupati Anom sasaminipun, kalebet kulawarganipun penganten estri sarta Abdidalem estri, dodotan mboten klembrehan gelung ageng.

Abdidalem Sewaka mentering pethak.

Wanci bakda Ashar, kalajengaken tatacara adat bubak kawah. Wonten hing Sasanamulya sisih kilen, ingkang nindakaken sapamalahipun pengageng parentah karaton.

BAB 7

Damel Kembar Mayang sapirantosipun

Ing dinten Sabtu kasabat ngunggil, Abdidalem ingkang gadah wajib ndamel kembar mayang sapirantosipun sasampuna rampung. Lajeng kapasrahaken Abdidalem estri ingkang wajib, salajengipun kapasang kados adat.

BAB 8

MIDODARENI

Ing dinten Kliwon tanggal kaping 19 Besar tahun 1932, utawi kaping 25 Maret 2000 wanci jam 7 sonten, ingkang sami nyangi damel wahu ingkang kadawuhaken rerencang sesampuna sowan, kakung/ jaler njujug ing emper Nguntarasana. Putri/ estri njujug ing Prabasuyoso.

Wanci jam 7 sonten bade penganten kakung sowan kahirid para Santanadalem sapamatahipun, Pengagenging Putra Sentanadalem njujug ing ngemper Nguntarasana, mangagem cara Jawi jangkep, rasukan ingkang mboten dasar cemeng.

Ingkang kadawuhan rerencang sasampuna sowan, kakung/ jaler njujug ing ngemper Nguntarasana, Putri/ estri njujug ing Prabasuyoso.

Wanci jam 7.30 sonten bade bade Penganten kakung sowan kahirid para Sentanadalem samapatahipun, Pangagenging Putra Sentanadalem njujug ing ngemper Nguntarasana, mangagem, rasukan ingkang mboten dasar cemeng.

Ingkang kadawuhan rerencang sasampuna sowan, kakung/ jaler njujug ing ngemper Nguntarasana, Putri/ estri njujug ing Prabasuyoso.

Nunggli ing dinten saha wanci kasebat ing ngingil Wanci jam 7.30 sonten Pangagenging Putra Sentanadalem G. P. H. Hadiprabowo, Pangagenging Parentah Karaton.....R. T. Pujadipura, Naib sarta Mudin ingkang wajib sasampuno sowan wonten ing ngemper Nguntarasana nindakaken/ nenggani Jonggolan, Anggenipun nindakaken Jonggolan wonten saheler Sasana Parasedya dene tumindakipun ngentosasi dawuh timbalandalem.

Abdidalem Jurusuranata, jam 8 sonten sasampuno sowan pepak wonten Bangsal Marakata, perlu ndongani Ajabdalem majemukan, dene bade penganten kakung kahirid wangsul dumateng kamar Nguntarasana. Naib saha Modin ingkang mentas nindakaken Joggolan kapareng mundur.

Pangagem/ pangagen pasowan midodareni.

Kakung/Jaler : Cara Jawi jangkep padintenan sowan karaton

Putri/estri : Padintenan marak dalem Prabasuyosom (sinjangan mawi Ubet-ubetan kemben/ dodot).

Para Abdidalem ingkang sumadiyo sowan kalilan, njujug wonten ngemper Nguntarasana.

BAB 9

Ijab Paningkah

Inkang dinten akad legi tanggal 20 Besar, tahun EHE 1932 utawi kaping 26 Maret 2000 wanci jam 8 enjing abdidalem Niyaga sasampuna sowan pepak ugi sadaya ingkang nyanggi dalem gadah wajib sasampuna sowan.

Bade penganten kakung jam 8 enjing, sasampuno rampung anggenipun dandos, sarta sumadiya ing kamar Nguntarasana, pangageman basahan, makuta malak pethak, celana pethak, kampuh Bango Buthak.


Sowanipun Pangeran Putra, Putradalem, Priyantun-priyantundalem, garwanipun Pangeran Santana, Riya Nginggil abdidalem Bupati, Riya Nginggil abdidalem Bupati ingkang kaganjar pangkat Riya Nginggil Anom, sasampunipun kalebet ingkang sampun pensiun punapadene Bupati, Bupati Anom anon-anon marak ing dalem Prabasuyoso.

Sowanipun ingkang ningakaken padamelanipun Pangageng Parentah Karaton, Abdidalem Bupati ingkang kaganjar sesabetan Harya, Bupati, Bupati Anom kalebet ingkang sampun pensiun punapadene Bupati, Bupati Anom anon-anon.

Nungka lampah majengipun bade penganten kakung, para abdidalem Jurusuranata sumadiya ngadeg ngapurancang wonten ing Paningrat sealer Pandapa Sasanasewaka, perlu bade ngamini donga-ijab sarta nekseni ijab paningkahipun penganten.

Santana Riya-Nginggil sarta R. T. Pujodipura sareng abdidalem Bupati, Bupati Anom, lajeng linggih sowan sawingkipun Santana Panji.

Santana Riya-Nginggil cacah 2 sarta Santana Riya-ngandap cacah 2 ingkang kahutus nimbali sami wangsul ing palenggahanipun piyambak-piyambak. Manawi sampun bade wiwit ijab, Pengagenging Putra Santanadalem, R. T. Pujodipura, ingkang ngirid bade Panganten dalah para ingkang nganti tuwin Naib ingkang lajeng sami lenggah/ linggih kados gambar ing ngandap puniko:



Katrangan gambar:

1. Palengahan Dampar
2. Panganten ingkang bade kahijab
3. R.T. Pujodipuro
4. Pangagenging Putra-Santanadalem
5. Ingkang ngirid panganten
6. Panganti panganten
7. Naib ingkang wajib
8. Wali panganten

Para ingkang ngayab linggih ngempal golonganipun piyambak-piyambak,

Manawi sadaya sampun sami lenggah/linggih satata Pangagenging Putra-Santanadalem majeng ing Ngarandalem perlu nampi dawuhdalem, Sampeyandalem anon ingkang mboten gadah kuwajiban, sarta abdidalem Jurusanata tuwin Naib ingkang wajib wonten Bangsal Marakata.

Sowanipun abdidalem Santana Riya-ngandap panji wonten ing Bangsal Pradangga eler.

Para ingkang sami kadawuhan ngirid, nganti, ngayab, bade Panganten Kakung kadawuhan njujug ing ngajeng kamar Nguntarasana.

Saderengipun, miyosdalem G. K. Ratoe Alit lenggah ing ndalem Prabasuyasa.

Miyosipun wanci jam 8,45 enjing kahormatan ungeling kagungandalem gending Ladrang Srikaton Pl.6 kados adat, Ampilandalem kados manawi Tingalandalem Jumenengan.

Sasampunipun Sampeyandalem ingkang Sinoehoen Kangjeng Soesoehoenan lengah, Pangeran sapanunggalipun

ingkang sami sowan ing ngemper Nguntarasana sami majeng ing Ngarsadalem.

Menawi sampun sami lenggah satata, ungeling gedhing pakurmatandalem kasuwuk. Abdidalem Nyai Lurah cacah 2 nimbali ingkang nindakaken, Padamelanipun Pangagenging Parentah Karaton, Abdidalem bupati ingkang kaganjar sasebutan Harya Bupati, Bupati Anom, majeng ing Ngarsadalem.

Majengipun kahormatan ungeling gending Ladrang/ Ketawang Sasampunipun abdidalem Jurusuranata nderek mlebet lajeng sami linggih wonten ing ngemper sangajenging kantor Sasanawilapa, R. T. Pujodipuro sarta Naib ingkang wajib nderek majeng wonten sawingkingipun Santana Panji.

Sasampunipun ingkang sami sowan satata Pangagenging Putra Santanadalem G. P. H. Hadiprabowo kanti Santanadalem Riya Ngingil cacah 2 majeng ing Ngarsadalem, badhe nampi dawuh Timbalandalem.

Sampeyandalem ingkang Sinoehoen Kangjeng Soesoehoenan lajeng paring dawuh nimbali bade panganten kakung.

Santanadalem Riya Nginggil kekalih wau lajeng sami mundur nimbali badhe panganten kakung dumateng kamar Nguntarasana, kasumbul Santanadalem Riya Ngandap cacah 2 kahormatan ungeling gending Ladrang/ Ketawang.

Majengipun badhe panganten kakung kahirid kakanti sarta kahayab sapamatahipun Pangagenging Putra Santanadalem Kulawarga bektanipun badhe panganten estri, kalian angrubyug wonten sawingkingipun ingkang ngayab badhe panganten.

Manawi badhe panganten sampun minggah hing pandapa Sasanasewaka, ingkang sami angrubyug lajeng sami sowan linggih wonten malige, ing sawingkingipun abdidalem Bupati Anom sarta abdidalem Santana Panji.

Majengipun panganten kakung kairit, kakanti sarta kaayab sapamatahipun Pangagenging Putri-Santanadalem, kulawarga bektanipun panganten estri kalian ngrubyug wonten sakwingkingipun ingkang ngayab panganten.

Manawi Panganten sampun munggah ing Pandhapi Sasanasewaka, ingkang sami ngrubyug lajeng sami sowan linggih wonten ing Malige ing sawingkingipun Abdidalem Bupati Anom sarta abdidalem Santana Panji.

Inkang Sinoehoen Kangjeng Soesoehoenan lajeng paring dawuh nindakaken Ijab paningkah.

Sawangsulipun Pangagenging Putra-Santanadalem ing palenggahan nenggani ijab, R. T. Pudjodipuro lajeng nindakaken ijab paningkahipun panganten.

Panganten kakung majeng ing Ngarsadalem ngabekti Sampeyandalem ingkang Soesoehoenan. Para Panganthinipun panganten tumut majeanga linggih wonten ngandap sakwingkingipun kaleres kiwo-tengenipun panganten.

R. T. Pujodipuro sakancanipun abdidalem Jurusuranata sarata Naib ingkang wajib lajeng medal datang Bangsal Marakata, bade ndongani tuwin ngepang/ ngamini Ajabdalem, Naib kalian mantuk.

Sabibaripun ngabekti, panganten kairid, kakanti sarta kaayap wangsul dateng kamar Nguntarasana perlu santun pangageman bade panggih, kahormatan ingeling gendhing Ladrang Wilujeng keluarganipun panganten kakung/putri angrubyug malih.

Manawi panganten sampun mundur, Sampeyandalem ingkang Soesoehoenan jengkar lengah ing dalem Prabasuyoso. Para ingkang sami sowan lajeng sami bibaran.

Manawi R. T. Pujodipuro sakancanipun sampun sami linggih satata wonten ing bangsal Marakata lajeng katungka ungeling kagugandalem gamelan Kodhok Ngorek, sawatawis lajeng suwuk.

Sasuwukipun Kodhok Ngorek, mboten mawi dawuh Ajaddalem wilujengan brokohan lajeng dipun dongani wonten Bangsal Marakata.

Salajengipun lajeng bibaran, Para Santana Panji Minggah, abdidalem Bupati Anom minggah, sami sarabinipun, Panggihipun Panganten sami kadawuhan sowan ing Sasanamulya, mangagem/mangango kados lampah 2. wanci jam 16.00 lumebetipun panebus katindakaken R. Ay. Darmodipuro kabiyantu sapamatahipun Ray Darmodipuro saking Srimanganti, katur G. K. Ratu Alit.

Pangageman/ Panganggenipun Pasowan Ijab






















Paningkah Sarta Panggihipun Panganten

Pangeran-Putra, Putradalem ingkang sampun diwasa, Pangeran-Santana, Riya nginggil : Cara jawi jangkep, destaran jebahan, rasukan sikepan cemeng wangkingan warangka ladraang. Abdidalem Bupati ingkang kaganjar sesebutan K.R.M.H.T., K.R.H.T. udeng cekok mawi kuncung. Abdidalem Bupati, Santana Riya Ngandap, Abdidalem Bupati Anom, Santana Panji tuwin


Abdidalem Panewu-Mantri sapangandap, cara jawi jangkep, kulambi atela cemeng, duwung warangka ladrang.

Putridalem : ukel ageng rasukan cekak. Garwanipun Pangera Putra, garwanipun Putradalem ingkang sampun diwasa, ukel ageng dododan boten klembrehan rasukan cekak.

URUT-URUTAN KIRAB WONTEN NGLEBET KARATON

1. MUSIK KOREM	
2. TAMBUL 2. SLOMPET SULING	
3. VAANDEL	
4. PRAJURIT (Cemeng)	
5. PRAJURIT PRAWIRANOM (Ijem)	
6. PRAJURIT SARAGENI (Abrit)	
7. PRAJURIT DARAPAH (....)	
8. KAMTIB (2)	
9. CANTANG BALUNG (2)	
10. EDAN-EDANAN	
11. KEMBAR MAYANG DAWEGAN PANGANTEN PUTRI	
12. PENGIRID	
13. PANGANTEN PUTRI (+penganti)	
14. PENGAYAB	
15. UPACARA AMPILAN PANGANTEN PUTRI	
16. PANGGRUBYUG	
17. KEMBAR MAYANG DAWEGAN PANGANTEN KAKUNG	
18. PENGIRID	
19. PANGANTEN KAKUNG (+penganti)	
20. PENGAYAB	
21. UPACARA AMPILAN PANGANTEN KAKUNG	

- 22. PANGGRUBYUG
- 23.
- 24. PENYUTRA
- 25. GAMELAN CARABALEN




**URUT-URUTAN LAMPAH/BARISAN MIYOSIPUN PANGANTEN
SAKING BALERATA KAMANDUNGAN MUBENG BALUWARTI NGLEBET
DATENG SASANAMULYA TANGGAL**

26 MARET 2000

1. MUSIK KOREM			
2. TAMBUL 2. SLOMPET SULING			
3. VAANDEL			
4. PRAJURIT	(Cemeng)		
5. PRAJURIT PRAWIRANOM	(Ijem)		
6. PRAJURIT SARAGENI	(Abrit)		
7. PRAJURIT DARAPAH	(....)		
8. KAMTIB	(2)		
9. CANTANG BALUNG	(2)		
10. EDAN-EDANAN			
11. KEMBAR MAYANG DAWEGAN			
PANGANTEN PUTRI			
12. KRETA I			1 Ampil, ingkang Ngamati patah
13. KRETA II			1 Patah sarta pangayab
14. KRETA II	1) x x x		x O: ngamping- x ampingi x
15. PANGGRUBYUG			X: Baki 1. Pa. Putri 2. Panganti 3. Pangirid 1) Song-song Wonten
16. KEMBAR MAYANG DAWEGAN			
PANGANTEN KAKUNG			
17. PANGIRID			
18. PANGANTEN KAKUNG	1)+ + +		+ O: ngamping- + ampingi +
NITIH KAPAL			
19. PANGAYAB			+: Joyosuro 1) Song-0song Wonten kiwo
20. UPACARA AMPILAN PENGANTEN			
KAKUNG			
21. PANGGRUBYUG			
22. KAMTIB	(2)		

- 23. PANYUTRA
- 24. GAMELAN CARABALEN
- 25. AMBULANS



Pratelan lampah-lampahipun Pahargyan wonten Sasanamulya

Bab : 1

Inggang Kadawuhan Mbakoni

- a. 1. G. K. Ratu Alit
2. PROF. G.P.H. HARYOMATARAM SH
3. G. P. H. Hadiprabowo
4. K. P. Sastriyohadinagoro
- b. Kadawuhan ndapuk Panitya Inggang kadawuhan rerencang.

Bab :II

Pasang Tarub Sarta Tuwuhan

- a. Ing dinten Kamis Pon tanggal kaping 17 Besar Ehe 1932 utawi kaping 23 Maret 2000 Abdidalem Mondrobudoyo pasang tarub ing Sasanamulya inggang perlu dipun tarubi saha gedhegi, wingking dalem tuwin sanes-sanesipun kados adat.
- b. Nunggil ing dinten Kemis wau Abdidalem Sasaprabu pasang tuwuhan 1 rakil wonten ngajengipun pandapi nglebet BATERATA.
- c. Reresik kamar-kamar, majang petanen saha sadaya papan inggang bade kagem.
 1. Pendapa
 2. Pringgitan
 3. Ndalem
 4. Kamar Panganten
 5. Jamban ngajeng wingking dalah sumur kaperluan ucal-ucalan, isah-isah sapiturutipun.
 6. Emper-emper wetan dalem dimpil saha los wetan adapi kagem Pangrantunan.
- d. Ngisi kamar saha papan-papan kasebut mawi prabot sacekapipun.
- e. Nengga saha nata kamar Panganten, ugi kangge nyimpen kado. Ndalem Sasanamulya kadawuhan nggelari babut, kagem palenggahan Panganten saha nindakaken upacara krobongan tuwin palenggahan para putri inggang sami nindakaken utawi njenengi upacara mau.

- f. Noto kursi ing Pringgitan kagem palenggahandalem saha panganten dalah tamu VIP.
- g. Nata kursi ing pandapi kagem palenggahan para tamu sanes-sanesipun.
- h. Listrik kagem kamar-kamar sarta papan pangrantunan supados kapriksa, manadumugi bidalipun panganten dateng Karaton, menawi perlu dipun timbale, gesang wiwit sabtu pahing 24 Maret 2000 dumugi bidalipun Penganten.

Sadaya wau supados sampun rampung satata wonten ing dinten Saptu Kliwon tanggal kaping 19 Besar tahun ehe 1932 kaping 25 Maret 2000

Bab: III

Kirab

Ing dinten akat Legi tanggal kaping 29 Besar tahun ehe 1932 utawi kaping 26 Maret 2000 Kagungandalem Kareta sarta Kapal titihan panganten kasudiyakaken wonten ing Balerata Kamandungan

Wanci jam 4.15 sonten panganten sekalian sasampuna rampung anggenipun dandos sasampunipun Ijab paningkah.

Wanci jam 4.30 sonten Sampeyandalem ingkang Sinoehoen Kanjeng Soesoehoenan lengah wonten ing tludang ing Ndalem Prabasuyaso, kahurmaytan ungeling gendhing Srikaton kados adapt, suwukipun gendhing pakurmatan menawi panganten sampun majeng ing Ngarsadalem badhe ngabekti.

Sasampunipun Sampeyandalem ingkang Sinoehoen Kanjeng Soesoehoenan lengah, abdidalem Bupati estri majeng ing Ngarsadalem perlu nampeni dawuhdalem nimbali panganten kakung sarta Pangeran Putra, Pangeran Santana, Riya-Nginggil, majeng wonten ing Sasanaprasadya.

Panganten Kakung:

Kairid	: G.P.H. Puspohadikusumo
Kakanti	: 1. K.P.H. Brotodiningrat
	2. K.P.H. Padmonagoro
Kaayab	: 1.
	2.
Sarta patah	: 1. B.R.M. Suryobaskoro

2.

Pangagenging Putra-Santanadalem majeng ing ngarsadalem, jajaran/ ngurung urung wiwit katata.

Panganten kakung-putri lajeng sami angabekti ing Sampeyandalem ingkang Sinochoen Kanjeng Soesoehoenan Sasampunipun ngabekti, Panganten sakalian bidal dating Sasanamulya.

Panganten Putri kairid	: B.R.A.y.Suryono Kusumaningrat
Kakanti	: 1. B.R.Ay. Astuti
	2. B.R.A.y. Kusumohandoko
Kahayap	: 1. B.R.A.y.
	2. B.R.A.y.Maryanti
Sarta papan	: 1. B.R.Ay. Koestiyah
	Mandarini
	2. B.R.A.j. Koeslipito Maharini
Lampahipun wonten ing Palataran pangas.....	

Panganten putri wonten wingking (kados gambar).

Sadumuginipun Kamandungan panganten putri lajeng nitih kareta nunggil kaliyan ingkang ngirid sarta nganti.

Panganten kakung wonten sakwingkingipun kareta titihanipun panganten putri dipun amping-ampingi abdidalem Bupati, Bupati Anom, Panewu Manteri sapamatahipun Pangagenging Parentah Karaton, dene patah kakung wonten wingking titihan kapal nunggil ingkang ngirid, nganti kembar mayang sarta dewegan ngrumiyini dateng Sasanamulya.

Inggang ngampil Kembar Mayang sarta dewegan panganten kakung mlampah wonten sak ngajengipun titihan kapal, ingkang ngampil upacara, tiga mlampah wonten sawingkingipun ingkang ngampil Kembar Mayang sarta dewegan.

Panganten putri mlampah wonten sangajengipun kareta. Inggang kadawuhan ngampil Kembar Mayang sarta dewegan abdidalem Jurusanata wonten selebeting Karataon Njajari.

Inggang kadawuhan nata uruting lampah, Pangagenging Keparak lan Mondrabudaya, Pangageng Sasanaprabu, K. R. M. H. Wreksodipuro, sesepuh HA I.sarta sesepuh HA II.

Kembar mayang sarta dewegan tuwin ampilan sanes-sanesipun sadumugining Sasanamulyo katampen abdidalem sapanatahipun Pangagenging Parentah Kaputren.

Urutaning Kirab kados gambar ngandap puniko.

BAB : IV

PANGGIH

Nngil dinten Akad kasebut ing nginggil, ditengipun para ingkang sami tinggenah wonten ing Sasanamulya.

A. Wanci jam 4 sonten

Sasdaya ingkang sami nyanggi damel supados sami siyaga ing damel. Pirantos ingkang kangge pangagih kasudiyakakaen wonten ing kajogan dalem Sasanamulya sawetan sarta sakilen koriageng.

B. Wanci jam 6 sonten

Para abdidalem Bupati ingkang kaganjar sesabutan KRMH, KRMHT, KRHT, Bupati/Bupati Anom kalebet ingkang Anom-anom samim sarabinipun, kadawuhan sowan ing Sasanamulya.

Wiwit jam 4 sonten kagungan damel gamelan mungel, uyu-uyu sarta gamelan Carabelan uga sampun siyaga.

C. Rawuhipun Panganten

Waci jam 7 dalu Panganten rawuh

1. Panganten mlebet saking regol kilen. Ampilan Upacara panganten putri lajeng ngrumiyini njujug wetan, lajeng minggah woten babut kilen Krobongan majeng mangetan. ngemper Pandapi nganjengan iring kilen majeng mangetan lajeng nderekaken Pangangan Putri mlebet ing ndalem nunggil sanes-sanesipun.
2. Abdidalem Bupati Estri sakancanipun dalah Edan-edanan sarta emban mlebet dalem medal gadari
3. Kreta tumpakanipun panganten putri kendel ing Balerata kidul pandapi. panganten putri dalah patah sarta panganthinipun mandap, lajeng kairid dipun jajari, kakanti, kahayap mlebet ing dalem kendel ing Kori Ageng lajeng jumeneng minger

majeng mangidul siyaga bade kapanggihaken. Abdidalem ingkang ngampil kembar mayang sarta dewegan lajeng mlampah njajari, sadumuginipun ngajeng Kori nDalem, Kembang Mayang sarta dewegan katampekaken Abdidalem Estri ingkang sampun kapatah. Sasampunipun nampekaken lajeng medal daleng wetan pandapi medal sakidol Paringgitan manawi sampun satata lajeng kapanggihaken.

4. Panganten kakung mandap saking titihan Kapal wonten Balerata lajeng kairid dipun jajari kembar mayang, dene patah wonten wingking panganten, kakanti kahayab kaderekaken upacara inggah pandapi katampi dening G.K Ratu alit sarta GPH Haryomataram SH kapapanaken ing padapi wonten kidul saka guru majeng mangilen jumeneng ngentosi bade kapanggihaken.

Dewegan sarta kembar mayang kaampil njajari medal Balerata minggah pandapi, upacara, dewegan kembar mayang wonten konen ageng. Lajeng dipun tampi dening Abdidalem Estri ingkang kapatah. Salajengipun kapapanakening papanipun piyambak-piyambak.

Para ingkangampil-ampil nilar Pandapi medal sakidul pringgitan dateng sawetan pandapi, Abdidalem Estri lajeng mlebet ndalem linggih nunggil kancanipun wonten sisih kilen.

5. Bibar pangih, upacara panganten kakung katampakaken Abdidalem Estri ingkang kapatah wonten sanganjeng wonten ndalem, dene ingkang ngampil lajeng nilar pandapi medal kidul Pringgitan medal dewetan pandapi. Pandapi inkang samiampil-ampil sarta Abdidalem Jurusanata wangsul dumateng Kamandungan kaparingan teda.
6. Para Abdidalem Bupati, Bupati Anom inkang mentas ngamping-amping kreta saha kapal punapa dene kulawarganipun panganten estri sami minggah Pandapi nunggil para tamu utawi papan ingkang sampun kasudiyakaken.

D. Panganten Panggih

1. Panggihipun panganten wonten Kori Ageng
2. Pirantos kacawisaken wonten satengehing kori
3. Panganten kakung kakanthi, kahayab, lajeng kapanggihaken
4. lampahing panganten panggih karigenaken dipun hormati ungeling gendhing kodok ngorek
5. Ingkang ngacarani panggih GPH Haryomataram SH, tumrap panganten putri G.K. Ratu Alit ingkang amberkahi

E. Upacara ing ngajeng krobongan

1. Panganten kapangku :

G. P. H. Haryomataram sh, majeng lenggah ing sawingking panganten kakung ing jengku sisih tengen. panganten putri ing jengku sisih kiwa G.K. Ratu Alit majeng ing sangajengipun GPH Haryomataram SH, pitaken : “Abot endi Bapake”?

“Pada wae ibue”

Panganten lajeng sami wangsul wonten ing palenggahipun piyambak-piyambak.

2. Kacar-kucur :

Dipun sepuhi G.K. Rati Alit

Pirantos kangge kacar-kucur supados sampun sumadiya wonten sawetan Krobong. Panganten kakung dipun acarani GPH Haryomataram SH, lenggah ing petanen majeng mangetan. Panganten putri dipun acarani GK Ratu Alit ngajengaken panganten kakung. Panganten kakung. Pirantos kacar-kacur kלאa bangka isi beras kuning sapiturutipun kastempakaken GK Ratu Alit dumateng panganten kakung , cinde kagelar wonten pangkonipun panganten putrid.

Panganten kakung ngesok isining klasa bangka woten cinde ing pangkonipun Panganten Putri sadaya pirantos tumanten kakelempakaken sarta kasingkiraken Panganten lajeng lenggah ing kumuda,

kakung sisih tengen, putrid sisih kiwa. Bibar lenggah kumuda wangsul palenggahanipun.

3. Ngabekten :

GPH Haryomataram SH, lenggah jejer kaliyan GK. Ratu Alit, lajeng wiwt ngabekten.

Dene Urutanipun :

Putri ngabekti ingkang Kakung, Panganten kakung putrid lajeng suami ngabekti GPH Haryomataram sh, kaliyan GK Ratu Alit bibar ngabekten, Panganten wangsul dateng palenggahanipun piyambak-piyambak.

F. Panganten ing Parainggitan

Saramungipun tatacara kacar-kucur sapanunggilipun GPH Haryomataram kaliyan GK Ratu Alit lajeng ngirid panganten sekalian edal lenggah ing Paringgitan. katungka lumadosipun pangunjukan,

Penganten lajeng mundur, perlu santun ageman, kairid G.K ratu alit kaliyan GPH Hadiprabowo, G.R.A.Y Satriyohadinagoro. G. P. H. Puspohadikusumo ngacarani para juru gambar kapareng nggambar.

Miyosdalem tedhak hing Sasanamulya Sakbibaripuyng resepsi

H. LELANGEN

Saletenipun panganten busana, dipun wontenaken lelangen 1 rambahan, serta medalipun pangunjikan lawin snack ingkang kadawuhan nindakaken lelangan G.R.A.Y. Kus Murtiyah Wirobumi tuwih G.P.H madukusumonagoro, serta BPH. Prabuwinoto kirang langkung naming 15 menit.

I. Panganten Bidal Dateng Karaton

Manawi sampeyan dalem ingkang Sinoehoen Kangdjeng Soesoehoenan sampun jengkar, sawatawis panganten sekalihan jumeneng, kairid :

Tumprap panganten kakung.

Kairid :

Nganti : 1. K. P. H. Brotodiningrat SH.
 2. K. P. H. Padmonagoro SH.
 Ngayub : 1.

Tumprap panganten putri :

Kairid : B. R. Ay. SUYONO KUSUMUNINGRAT
 Nganti : 1. B. R. Ay. Ronowijoyo
 2. B. R. Ay. Kusno
 Ngayub : 1. B. R. Ay. Wiyonohadiningrat
 2. B. R. Ay. Wiryowiryodiningrat

Lajeng bidal dating Sasanahondrowino, kaderekaken para ingkang sami sowan wontren ing Sasanamulya.

Pambiwara dalah para hamong tamu njagi supados para tamu mboten uyel-uyelan nagging urut kacang kanti tertib.

Tamu VIP karumiyenaken. Para Putra-Putridalem kasuwun jumeneng jejer wonten hing Saperlu nguntapaken kunduriun para tamu.

Manawi para tamu sampun atus, Penganten lajeng kairid malih dhateng Sasanamulya saperlu nindakaken tatacara Dhahar Sekul Walimah serta celakan, ingkang kapareng hanyepuhi :

PAHARGYAN ING SASANA HONDROWINO :

Dhahar Khalimah	: G. R. Ay. Satriyohadinagoro
Juru Wicara	: 1. K. R. T. Kalenggohanggopuro 2. K. R. T. Winarnodipuro
Humas	: 1. K. R. T. Secoyudo 2. K. R. T. Kalenggohanggopuro
Perlengkapan/Dekorasi	: 1. K. R. M. H. Wreksodipiuro 2. K. R. T. Sriharto Hartonagoro 3. K. R. T. Suryodipuro 4. R. T. Bujodipuro 5. R. T. Tarudipuro 6. Bp. Darmasto 7. Bp. Haryuanto
Kesenian	: 1. Dra. G. R. Ay. Wirobumi 2. G. P. H. Madukusumonagoro 3. B. P. H. Prabuwinoto
Keamanan	: 1. K. R. M. H. Brotosaputro 2. R. T. Mangkupuro
Akomodasi	: 1. 2.
Dokumentasi	: 1. 2.
Transportasi	: 1. 2.
Majang Krobongan	: 1. R.Ay. Mangkuprojo 2. R.Ay. Prabuwinoto 3. R.Ay. Padmonagoro 4. R.Ay. Sindukusumo 5. R.Ay. Projoatmojo 6. R.Ay. Siswandi (Tinuk) 7. R.Ay. ST. Rustiyani (Budyono)

Hadiwinoto)

8. Abdidalem Estri

Pelados

: Abdidalem Sewaka

Tebusan

: R.Ay. Darmonagoro Sakanca



PUTRA SANTANA DALEM INKGANG AMONG TAMU

1. G. P. H. Hadiprabowo
Sakalihan
2. G. R. Ay. Satriyohadinagoro
Sakalihan
3. G. P. H. Puspuhadikusumo
4. G. P. H. Kusumoyudo
5. G. R. Ay. Notohadikkusumo
Sakalihan
6. G. R. Ay. Soeryohadipranoto
7. G. P. H. Poeger BA.
Sakalihan
8. G. P. H. Tejawulan
Sakalihan
9. G. P. H. Benowo
Sakalihan
10. G. P. H. Madukusumo
Sakalihan
11. G. R. Ay. Wirobumi
Sakalihan
12. G. P. H. Wijoyosudarsono
Sakalihan
13. K. P. H. Sooryobroto
Sakalihan
14. K. P. H. Haryokusumo
Sakalihan
15. K. R. M. H. Brotosaputro
Sakalihan
16. KRMH.Brotowiyogo
Sakalihan
17. K. P. H. Padmonagoro
Sakalihan
18. K. P. P. Notosewoyo
Sakalihan
19. K. R. M. H. Setyokusumo
Sakalihan
20. K. R. M. H. Purwohadikusumo
Sakalihan
21. K. R. M. H. Notoatmojo
22. K. R. M. H. Setyokusumo
Sakalihan
23. K. R. M. H. Wiryantohadiningrat

24. DR. K. R. H. Ambarkusumo
Sakalihan
25. K. R. H. Ronowijoyo
Sakalihan
26. K. R. H. Kusumohandoko
Sakalihan
27. K. R. M. H. Disdjohadikusumo
Sakalihan
28. K. R. M. H. Sosronagoro
Sakalihan
29. K. R. M. H. Purbohadiningrat
Sakalihan



PARA ABDIDALEM INKGANG AMONG TAMU

I. ING SASANA HADRAWINA

- | | |
|---|---------------|
| 1. K. R. H. T. HAJI Mukmin Hadinagoro - | TP/DHC.45/ |
| VET.Mant.Bupati Cilacap | |
| 2. K. R. H. T. HAJI. Wirastodipuro - | Telkom/Seni |
| 3. K. R. H. T. Puspodiningrat - | Balaikota |
| 4. K. R. H. T. Drs. Purwodipuro - | Kahartakan |
| Karaton | |
| 5. K. R. H. T. Makyosuryomijoyo - | DPR |
| 6. K. R. M. T. Drs. Projodipuro - | PWI |
| 7. K. R. T. Budihadinagoro - | Mantan Bupati |
| Sukoharjo | |

II. ING PLATARAN SAWETAN SASANA HADRAWINA

- | | |
|---|----------|
| 1. K. R. M. H. T. Wilonodikusumo - | PTP |
| 2. K. R. H. T. Suronegoro - | BANK |
| 3. K. R. M. H. T. Drs. Sanotsohadinahgoro - | UNS |
| 4. K. R. H. T. Wijoyohadinagoro - | PWI |
| 5. K. R. T. Surantohadinagoro - | DEPDIBUD |
| 6. K. R. T. Ir. Djarwodiningrat - | UNS |
| 7. K. R. T. Dr. Andik Purwodiningrat - | UNS |

III. ING SRIMANGANTI NGLBET LAN JAWI

- | | |
|---------------------------------------|--------------|
| 1. K. R. T. Ronggodipuro - | Polrestan |
| 2. K. R. T. Tejodipuro BA - | Pawiyatan |
| 3. K. R. T. Dwijodipuro - | Pawiyatan |
| 4. K. R. T. Pangarsodipuro - | Sasonowilopo |
| 5. K. R. M. T. Probodipuro - | Pawiyatan |
| 6. K. R. T. Gunoldipuro - | Pawiyatan |
| 7. K. R. T. Sriharto hartonagoro SE - | Pawiyatan |

IV. ING KAMANDUNGAN

- | | |
|------------------------------|-----------|
| 1. R. T. Tarwodiipuro - | Pawiyatan |
| 2. R. T. Wilopodipuro - | Pawiyatan |
| 3. R. T. Gunoparmopuro - | Pawiyatan |
| 4. R. T. Kartikopuro - | Pawiyatan |
| 5. R.Ng. Projosuryono - | Pawiyatan |
| 6. R.Ng. Drs. Wedodipuro - | Pawiyatan |
| 7. R.Ng. Drs. Projokartiko - | Pawiyatan |
| 8. R.Ng. wedoprojo - | Pawiyatan |
| 9. R.Ng. Projosuparman - | Pawiyatan |
| 10. R.Ng. Swaradipuro - | Pawiyatan |
| 11. R.Ng. Projosuripto - | Pawiyatan |

V. ING SASANAMULYO

- | | | |
|----------------------------|---|-----------|
| 1. R. T. Darsopuro | - | Pawiyatan |
| 2. R. T. Pradiptodipuro | - | Pawiyatan |
| 3. R. T. Probopuro | - | Pawiyatan |
| 4. M.Ng. Witoyobudoyo | - | Pawiyatan |
| 5. M.Ng. Tjiptorojo | - | Pawiyatan |
| 6. M.Ng. Projodarmanto | - | Pawiyatan |
| 7. M.Ng. Mitroprojo | - | Pawiyatan |
| 8. R.Ngg. Topobrotosuripto | - | Pawiyatan |
| 9. R.Ngg. Projosutrisno | - | Pawiyatan |
| 10. R.Ng. Molyodiprojo | - | Pawiyatan |
| 11. R.Ng. Polilodiprojo | - | Pawiyatan |
| 12. R.Ng. Projosujarwo | - | Pawiyatan |



**PANITIA PAWIWAHAN PIKRAMANIPUN PUTRADALEM
DRS.GPH.DIPOKUSUMO DHAUP KALIYAN RR.DRA.FEBRI
ARYU ABSARI**

**DINTEN AKAD LEGI UTAWI KAPING 20 BESAR EHE 1932
UTAWI 26 MARET 2000**

Pangarsa Umum :	G.K Ratoe Alit
Pangarsa I :	K. G. P. H. Hangebehi
Pangarsa II :	G. P. H. Hadiprabowo
Pangarsa III :	G. P. H. Puger B.A
Pangarsa IV :	G. P. H. Puspohadikusumo
Pangarsa V :	G. R. Ay. Satriyohadinagoro
Panitra I :	K. R. T. Marjodipuro
Panitra II :	K. R. T. Wijoyodipuro
Panitra III :	K. R. M. T. Prabowodipuro
Panitra IV :	K. R. T. Bowodipuro
Hartaka I :	G. R. Ay. Suryohadiprtanoto
Hartaka II :	K. R. H. T. Purwodipuro
Hartaka III :	R. T. Wisnuhadinagoro

**RINGKESAN TUPAPAKING PAWIWAHAN HING
SASANA HADRAWINA**

**DINTEN AHAD LEGI KAPING AHAD LAEGI UATWI 26
MARET 2000**

- Jam 19.00 Para sanatanadalem, andidalem sasampuna sumadiya wonten hing Ing kagungan dalem Sasana Handrawina.
- Jam 19.30 Rawuhipun para tamu sinadhehan hing Sasana Handrawina.
- Jam 20.00 Pasugatan angka I/ unjukan & snack
- Jam 20.15 Sampeyandalem Ingkang Sinochoen Kanjeng Soesoehoenan Pakoeboewono Lenggah hing Sasana Hadrawina
- Jam 20.25 Pasugatan Lelangen baksan angka I
- Jam 20.45 Rawuhipun Penganten hing Sasana Hendrawinata
- Jam 20.50 1. Manawi dharapun Presmanan

Para tamu VIP kagambar sesarengan kaliyan Panganten.

Saparipurnaning pamendhetipun gambar, Panganten nembe Kahaturan dhahar.

2. Manawi dhaharipun Lareyan

Para tamu VIP kagambar sesarengan kaliyan Panganten.

Saparipurnaning pamendhetipun gambar, para tamu VIP tengah malihing palenggahan sakawit.

Jam 21.00 Lelanggen beksan angka II / Pasugutan angka II & III

Jam 21.20 Pasugatan panutupan.

Jam 21.30 Sahalusipun pasugatan ingkang pungkasan, Putradalem G. P. H. Hadiprabowo lajeng majeng hing Ngrsadalem, lapur manawi pasowanan pawiwahan/ resepsi sampun paripurna. Sampeyandalem ingkang Sinoehoen Kanjeng Soesoehoenan Jengkar Hangedhaton kahormatan gendhing Calapita (Undur-undur kajogan)

Panganten kajumenengaken wonten hing :
.....

Kinantenan para Putradalem Santanadalem.

Para tamu dipun acarani paring/ngaturaken wilujeng dhumateng Panganten lajeng bibaran.

Para panitia/ingkang rerencang/ingkang tinanggenah taksih kanton saperlu nuntaskan pademelanipun piyambak-piyambak.

**Panganggeman/Panggangen pasowanan Panggihipun
Panganten**

Pangeran-Putra, Putradalem ingkang sampun diwasa, Pangeran-Suntana, Riya nginggil, Abdidalem Bupati ingkang keganjar pangkat Riya-Nginggil : Cara Jawi jangkep, dester jebahan, rasukan sikepan cakak coming, duwung warangka ladarang.

Inkang sesebutan : K. R. M. H. T. serta K. R. H. T. : cara Jawi Jangkep, udeng cekok mawi kuncung, kulambi sikepan cekak cemeng, duwung warangka ladarang.

Abdidalem Panemu-Mantri Sapanganda : cara Jawi Jangkep, kulambi alete cemeng, duwung warangka ladarang, udeng cekok mawi kuncung.

Inkang sampun kaparingan ganjaran mendali kadawuhan mangasgem / mangangge

Kulawarga Panganten Putri : Cara Jawi jangkep rasukan cemeng, duwung warangka ladarang utawi Nasional Jangkep.

Putridalem : Ukel ageng, rasukan cekak, garwanipun pangeran-Putra, garwanipun.

Putradalem : Ukel ageng, dododan hoten klemrahan, rasukan cekak.

Garwanipun Pangeran-Santana, Riya-Nginggil rabinipun Bupati Riya ngandap Bupati-Anom, Panji, Panewu-Mantri Sapangandap Gelung ageng, rasukan cekak.

Bupati-Anom, Panji, Panewu-Mantri sapangandap Gelung ageng, rasukan cekak.

Abdidalem Sewaka : Manteribng pethak.

Kadawuhaken kaping 14 maret 2000

Panitradalem

(K. P. Wirodiningrat)

Lampiran: 5

**KISI-KISI PERTANYAAN DALAM WAWANCARA
MOTIF HIAS ALAS-ALASAN DALAM RITUAL
JUMENENGAN/ TINGALAN JUMENENGAN DAN PERKAWINAN
DI KERATON SURAKARTA:
KAJIAN BENTUK, FUNGSI, DAN MAKNA**

I. Identitas Peneliti

Nama : Drs. Guntur, M.Hum
 Judul Penelitian : Motif Hias *Alas-alasan* Batik Keraton Surakarta:
 Bentuk, Fungsi, dan Makna
 Perguruan Tinggi: Universitas Gadjah Mada
 Fakultas : Ilmu Antar Bidang
 Instansi awal : Institut Seni Indonesia Surakarta

II. Rasional

Penelitian tentang batik tradisional Jawa meniscayakan suatu pemahaman komprehensif berkait dengan latar historis, kultural, sosial, dan simbolis. Pemahaman demikian tidak cukup bersandar pada data tertulis sebagaimana telah dihasilkan melalui berbagai karya ilmiah, tetapi juga pemikiran berbagai pihak yang belum terekspresikan.

Wawancara kepada sarjana, pemikir, budayawan, praktisi, dan pakar batik menjadi kata kunci dalam memasuki dan memahami dunia batik tradisional Jawa. Untuk keperluan tersebut peneliti menyusun kisi-kisi pertanyaan yang dimaksudkan sebagai panduan dalam memperoleh informasi.

Kisi-kisi pertanyaan adalah panduan yang digunakan oleh peneliti dalam mengungkap eksistensi motif hias *alas-alasan* batik keraton dan batik tradisional lain di Jawa, baik dari aspek historis, kultural, sosial, maupun simbolis. Oleh karena daftar pertanyaan dalam wawancara ini lebih bersifat garis besar, maka dalam proses wawancara berlangsung dimungkinkan adanya pendalaman berkait dengan materi yang relevan, baik informasi bertalian dengan aspek historis, kultural, sosial, maupun simbolisnya.

Informasi yang disampaikan oleh narasumber (informan) merupakan bahan yang sangat berharga dalam penelitian ini. Oleh karena itu saya mengucapkan banyak terimakasih atas informasi yang Bapak/Ibu sampaikan.

Selanjutnya kisi-kisi yang dimaksud tertuang dalam daftar pertanyaan berikut ini.

Besar harapan saya untuk memperoleh informasi yang diperlukan dalam menunjang penelitian ini.

III. Pertanyaan

Informasi yang hendak dihimpun dari pertanyaan-pertanyaan tersebut di bawah ini mencakup beberapa hal, yakni aspek estetik dan/atau artistik, historis, sosial, kultural, dan simbolik.

- A. Dalam kreasi estetik/artistik eksistensi karya seni berkait dengan latar belakang atau gagasan yang menginspirasi seniman, tidak terkecuali seniman tradisional Jawa dalam hal ini seni batik.
 1. apa yang menginspirasi seniman batik dalam menciptakan motif hias *alas-alasan*?
 2. apa indikasi konseptual yang dapat menandakannya?
 3. apa indikasi visual yang dapat menandakannya?
 4. secara visual apa keindahan yang tercermin dari motif tersebut?
 5. bagaimana aspek komposisional atau pengorganisasiannya?
 6. bagaimana aspek warna yang ada pada motif tersebut?
- B. Dalam konteks historis, motif hias *alas-alasan* merupakan salah satu di antara berbagai motif yang ada telah diwariskan dari sejak zaman dulu.
 1. sejak kapan atau sejak zaman atau sejak abad berapa motif tersebut ada?
 2. siapa yang dapat dipandang sebagai penggagas atau pencipta dari motif tersebut?
 3. bagaimana eksistensi motif pada ketika itu?
 4. material apa yang digunakan?
 5. dalam kepentingan apa motif tersebut diadakan?
- C. Dalam perjalannya hingga kini, motif tersebut tidak dapat dilepaskan dari eksistensi keraton Surakarta. Artinya, motif tersebut telah mengalami sejarah panjang dari sejak awal keberadaannya.
 1. apakah motif tersebut tidak mengalami perubahan sejak awal?
 2. mengapa demikian?
 3. kalau terjadi perubahan, sejak kapan motif tersebut berubah?